

ba yo plis konesans renmen yo plis

Telefòn 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyo.org. Se òganizasyon Early Childhood Initiative Foudasyon ki pote enfòmasyon sa a pou ou.

Fason pou asire timoun pa an danje lè yo pre dlo

Dlo ka lakòz gwo danje, sitou pou timoun. Gen apeprè mil timoun ki mouri nan dlo chak ane nan peyi Etazini. Gen plis pase sa

ki konn manke mouri nan dlo, sa konn fè yo fè gwo maladi nan sèvo. Aprann pitit ou naje, epi veye yo tout tan lè yo nan dlo. Men kèk konsèy pou ede pwoteje pitit ou lè l nan



dlo oubyen lè l pre dlo:

- Pa konte sou "vesi" ti bato ak lòt bagay ki ka flote sou dlo pou pwoteje pitit ou. Pa menm konte sou leson naje li pran. Lè je w sou timoun nan tout tan, nanpwen anyen ki pi bon pase sa.
- Chwazi yon granmoun ki la pou veye tout tan, lè gen yon fèt, lè gen yon ti aktivite an fanmi oubyen nan tout ka kote paran ki la yo ka distrè nan bay odyans.
- Wete tout jwèt ki nan pisin nan kon sa yo pap tante pitit ou pou l lonje men al pran yo.
- Toujou gen ekipman pou sove moun nan dlo pre pisin nan, ak yon telefòn ak nimewo telefòn pou w rele sizoka ta gen yon ka ijan.
- Enstale ti barikad pou anpeche timoun pitit ale nan pisin yo.

Pwoteksyon sou bisiklèt

Yon ti koze doktè Julia Belkowitz nan departman Pedyatri Inivèsite Miyami a pote pou nou

Yon te bisiklèt se yon bon aktivite pou ete men sonje timoun toujou ap devlope. Yo poko gen ase fòs, balans ak bon konprann. Poutèt rezon sa yo, sa ka danjere lè timoun ap monte bisiklèt, menm si yo fè sa pre lakay yo. Mwa me se mwa pwoteksyon sou bisiklèt. Suiv konsèy sa yo pou w ka amize w san danje:

Mete kaskèt sou tèt ou

- Se lalwa.
- Kaskèt sove lavi moun epi li redui chans pou tèt moun kase nan aksidan.
- Achte yon kaskèt lè w ap achte premye bisiklèt 2 wou oswa bisiklèt 3 wou pou pitit ou oubyen lè li pral monte bisiklèt ak yon granmoun.
- Timoun pi vit sèvi ak kaskèt yo si paran yo abitye met kaskèt tou.
- Bon kaskèt la ka byen chita sou tèt timoun nan epi li pap souke lè nou fin tache li.

Pedale san danje

- Chwazi yon bisiklèt ki mezi pitit ou a.
- Monte bisiklèt la lajounen - pa pandan lanjèlis oswa aswè lè sa ka difisil pou moun wè w.

- Jenn timoun ta dwe rete sou twotwa jistan yo ka konprann prensip sikilasyon epi yo ka obeyi yo tou.

Timoun kòm pasaje

- Timoun ki poko gen enn an pa dwe monte sou bisiklèt kòm pasaje.
- Sèl yon granmoun ki maton nan monte bisiklèt ta dwe pote yon timoun sou bisiklèt. Sonje sa ap fè bisiklèt la gen mwens balans epi sa ap mande plis tan pou nou frennen.
- Timoun ta dwe chita nan yon chèz sou dèyè bisiklèt la ki asire epi ki tache.

Timoun ki poko gen 5 an pa ta dwe pratike lòt espò sou wou tankou paten an liy, planch a woulèt ak twotinèt.

Pi bon mwayen pou w evite danje se veye timoun yo. Si w bezwen plis konsèy sou koze a oswa si w bezwen kaskèt bon mache vizite sit Akademi ameriken pou pedyatri (www.aap.org) oubyen rele biwo "Injury-Free Mobile" nan (305-243-8838).

Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann rejisi.



Chen ak Timoun2

Sezon Ete ak valè likid ou dwe gen nan kò w2

Men ki jan pou w chwazi pi bon pwogram vakans oswa pwogram apre lekòl pitit ou.....3

Nou kontan wè w nan bibliyotèk la!4

Kalandriye Kominote a.....4

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvè aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



Chen ak timoun

Atik sa a se Doktè Arnold Melnick ki pran li nan atik li te ekri ki rele "Dog Bites Man is News" nan journal "Contemporary Pediatrics" an Desanm, 2005.

Chen fè bon bèt kay. Gen apeprè 68 milyon chen kòm bèt kay o Zetazini. Plizyè milyon granmoun ak timoun pase bon moman ak chen, yo zanmi, yo jwe ansanm epi yo renmen chen yo.

Anpil moun santi yo jwenn anpil lòt avantaj difèt yo gen yon chen. Men gen danje nan sa tou. Malgre majorite chen pa mòde, posiblite a toujou la. Sant nasyonal pou prevansyon frakti (National Center for Injury Prevention and Control) fè konnen chen mòde moun plis pase 4.7 milyon fwa pa ane – epi majorite moun ki viktim yo se timoun piti (se ensidan ki fraktire timoun plis pami tou sa ki rive yo). Apeprè 800,000 moun chen mòde al pran swen medikal, pami ka sa yo, yo trete 360,000 nan yo nan salidjans – chak 90 segonn gen yon moun ki al lopital pou rezon sa a, lajounen kou lannuit. De fwa plis timoun pase granmoun al lopital pou rezon sa a. An mwayèn 17 moun mouri pa ane poutèt chen ki mòde yo – majorite ladan yo se timoun.

Timoun ki nan laj 5 an a 9 an se yo chen mòde pi souvan. Apre sa se timoun ki fèk fèt rive nan laj 4 an. Nan tou de kategori sa yo frakti ki pi komen se frakti nan tèt (sa vle di nan figi tou) ak frakti nan kou se yo ki rive pi souvan, apre sa se frakti nan janm ak frakti nan pye. Anpil fwa se yon chen fanmi an konnen ki oubyen chen nan kay la oubyen chen nan vwazinaj la ki mòde a.

Men konklizyon ki enpòtan yo: Majorite chen pa mòde. Nenpòt chen gen dwa mòde yon moun nenpòt lè. Pi souvan se timoun ki viktim. Tout paran dwe pòte atansyon a sa.

Malgre gen anpil done sou kesyon chen mòde moun nan ak anpil rezon ki lakòz sa, paran yo dwe konnen, anpil fwa, san yo pa o kouran, jan yon timoun aji kab agase yon chen. Men kèk règleman paran dwe montre pitit yo pou evite posiblite sa a:

- Pa jwe ak yon chen si pa gen yon granmoun ki la.
- Pa al pre yon chen ou pa konnen.
- Pa pase men sou tèt yon chen san w pa mande mèt chen an pèmisyon.
- Pa al pase men sou yon chen san w pa kite l pran odè ou anvan.
- Pa pase men w sou tèt yon chen. Pase men w anba manton li oubyen sou do li.
- Pa deplase si on chen ap pran sant ou. Kanpe an plas.
- Pa rele nan tèt yon chen.
- Pa kouri pase sou kote yon chen. Pa kouri al sou yon chen,



menm si se yon chen ou konnen.

- Pa parèt sanzatan sou yon chen. Pase sou kote li oubyen devan li pou w mache sou li.
- Pa "jwe brutal" ak yon chen.
- Pa anmède yon chen, pa frape li, pa rale zòrèy li, pa rale ke li oubyen pye li.
- Pa jwe jwèt brutal tankou jwèt goumen ak yon chen.
- Pa deranje yon chen k ap manje oubyen k ap dòmi.
- Pa al pre yon chen k ap oukipe pitit li. Pa janm manyen pitit yon chen.
- Pa al pre yon chen k ap gwonde oubyen ki gen dan l deyò.

Se anpil bagay pou w pa fè, men tout se bagay ki enpòtan pou pwoteksyon timoun nan. Pou paran yo gen 2 bagay ki nesèsè pou n ajoute: Pa janm di, "Se pa chen pa m nan" oubyen "Se pa chen vwazen m nan."

Pa janm, janm, kite yon timoun ki gen mwens pase 9 an ret poukont li ak yon chen, menm si se pa pou lontan, kèlkeswa gwo chen an, kalite chen an oubyen valè tan chen an fè abite anndan kay.

Pitit nou merite tout prekosyon sa yo.

Sezon Ete ak valè likid ou dwe gen nan kò w

Dapre Sheah Rarback M.S., R.D., nan Mailman Center for Child Development nan Inivèsite Miyami.



Ete fèk kòmanse sa vle di se bon tan pou tout timoun al jwe deyò.

Ete se epòk pou w pòte atansyon sou valè likid timoun dwe gen nan kò yo epi kantite likid timoun bwè. Ou dwe remake kouman pitit ou swe lè l ap jwe nan chalè. Se yon bon bagay paske lè yon moun swe se yon fason pou kò li rete fre. Lè timoun swe, yo pèdi likid yo bezwen ranplase. Si yon timoun ta on jan dezidrate sa ka mennen sentòm tankou maltèt, fatig, mank apeti ak anvi vomi. Sentòm pou timoun ki dezidrate anpil pi grav.

Konsèy sa yo ka ede sante fanmi w epi ede yo bwè ase likid:

- Pa tann pitit ou vin di w li swaf dlo. Timoun ta dwe bwè dlo chak 20-30 minit pandan yo deyò nan chalè a.
- Mache ak yon boutèy dlo lè w an pwomnad, nan piknik oswa nan lòt pwogram deyò. Friz yon boutèy dlo mete l nan bwat glas ou pou l ka toujou kenbe fre.
- Dlo se pi bon bwason pou koupe swaf moun. Limite kantite ji, bwason ak te dous timoun bwè.
- Lè w ap bay pitit ou ji ki 100% ji fwi, dilye ji a ak yon ti dlo.
- Bay timoun nan plis fwi ak legim pandan ete a. Yo gen anpil dlo epi sa va ede piti ou gen valè dlo li merite gen nan kò li.

MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan investisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

Men ki jan pou w chwazi pi bon pwogram vakans oswa pwogram apre lekòl pou pitit ou

Pou paran, pwoteksyon ak byenèt timoun yo se premye priyorite a. Lè travay ak lòt responsablite anpeche paran pran swen pwòp timoun yo, sa enpòtan pou w jwenn bon pwogram ak moun ki serye ki ka okipe yo byen.

Gen plizyè santèn pwogram apre lekòl ak kan ete nan kominote a, men jwenn pwogram ki bon pou pitit ou pa fasil. Ni pou pwogram apre lekòl, ni pou pwogram ete nou chwazi a, se ta dwe yon kote timoun nan ka devlope ni sou plan entèlektiyèl, ni sou plan sosyal.

Se ta dwe yon plas kote timoun nan ap amize li pandan l'ap aprann.

Asosiyasyon nasyonal pou pwogram apre lekòl (www.naaweb.org) bay paran konsèy pou yo ka fè demach pou chwazi pwogram apre lekòl la pi fasil. Konsèy sa yo ka ede ou pran yon desizyon an moun enfòmè.

Asosiyasyon nasyonal pou pwogram apre lekòl konseye tout paran pran tan pou yo vizite pwogram ki entere yo anvan yo enskri pitit yo. Bon pwogram yo ofri seyans oryantasyon pou nouvo fanmi epi yo ankouraje patisipasyon moun nan pwogram nan. Pwogram sa yo pèmèt fanmi pou yo vizite nenpòt lè nan jounen an epi lè travay yo chita sou bezwen fanmi yo. Pran avantaj okazyon sa yo pou w vizite pwogram yo.

Pandan paran ap vizite pwogram yo, yo ka obsève ki jan pwofesè ak timoun yo kominike epi ki jan yo kominike antre yo, san se pa moun k'ap di yo. Anplwaye yo ta dwe akeyan, yo ta dwe montre respè epi yo ta dwe montre yo pozitif nan konpòtman yo epi toujou gide timoun yo yon jan ki montre n'ap ede yo, pandan n ap ankouraje yo vini ak lide nèf, ankouraje yo fouye chèche. Aseptè tout kesyon timoun poze, nou dwe menm ankouraje yo poze kesyon.

Jan Sid Florid gen moun plizyè nasyonalite, anplwaye yo dwe kontan akeyi divès kilti ak divès lang.

Timoun yo dwe sanble yo gen kè poze, yo kontan epi yo dwe ap patisipe nan divès aktivite ki mache ak laj yo. Pou timoun aprann, kote yo ye dwe yon kote ki akeyan. Yon bon sal klas, yon sal jimnastik, oswa yon sal rekreyasyon dwe pwòp epi dwe gen ase espas pou yo ka mennen aktivite nan pwogram yo.



Poze tèt nou kesyon: Èske pwogram apre lekòl la ofri ase jwèt, liv ak lòt objè pou yo aprann ak pou yo fè dekouvèt dekwa pou yo ta satisfè pitit ou? Èske plas la gwo ase, èske li gen ase limyè epi èske li pa poze danje pou timoun yo dekwa pou yo ka mennen aktivite yo? Èske anplwaye yo travay byen ansanm epi amize yo? Espesyalman lè w fè lide voye pitit ou nan kan ete, tcheke si lakou a anfòm pou aktivite yo pral fè yo.

Lè w'ap tyeke orè yon pwogram, se pou w sèten li bay ase tan pou timoun nan fè kèk aktivite poukont li ak aktivite pou devlope lespri li, epi tout timoun ap travay an sekirite. Obsève youn nan jwèt yo ofri nan kan an. Èske tout timoun ap amize yo epi y'ap aprann san tèt chaje?. Èske se tout timoun k'ap aprann, èske se pa timoun ki maton nan aktivite sa a sèlman k'ap patisipe?

Tout pwogram yo ta dwe konsidere pwoteksyon timoun yo kòm bagay ki pi enpòtan pou yo. Anplwaye yo dwe toujou

konnen ki lè timoun vini epi ki lè yo ale. Se pou yo sèten tout moun ki vin chèche yon timoun gen otorizasyon pou sa.

Pandan w ap mache nan lokal la epi w ap pale ak pwofesè yo, tcheke si pa gen anyen ki ka prezante yon danje pou timoun. Poze anpil kesyon sou sipèvizyon nan lakou rekreyasyon an ak lè timoun yo ap jwe kote youn ka frape nan lòt. Èske kan an bay kaskèt, pwoteksyon pou jenou ak pwotèj koud pou espò ki egzija tankou foutbòl ak foutbòl ameriken? Si pitit ou ap patisipe nan yon espò nan dlo, se pou nou sèten tout anplwaye k'ap veye timoun yo konnen CPR (reanimasyon kadyorespiratwa) epi yo suiv regleman pou pwoteksyon lè yo nan dlo.

Anpil ti kolasyon ak bagay pou bwè ta dwe la pou timoun yo dekwa pou yo ka kenbe enèji yo pandan tout jounen an epi pou kò yo pa manke dlo nan chalè ete a. Mande ki sa yo bay timoun yo manje ak ki sa yo ba yo bwè.

Pou timoun ka amize yo nan yon pwogram epi pou yo ka aprann, yo dwe gen bon sipèvizyon ak bon enstriksyon. Sèl jan pou sa rive fòk gen yon ekip ki pwofesyonèl epi fòk gen yon bon pwopòsyon timoun/anplwaye. Kwak pwopòsyon sa yo varye selon laj timoun yo, Asosiyasyon nasyonal pou pwogram apre lekòl konseye pwopòsyon ki la yo:

- Timoun ki poko gen siz an ta dwe nan klas ki gen yon pwofesè pou 8 a 10 timoun.
- Timoun siz an oswa plis pase siz an ta dwe nan klas ki gen yon pwofesè pou 10 a 15 elèv.

Bon rekòmandasyon lòt moun enpòtan tou. Chèche rankontre lòt paran ki voye pitit yo nan yon pwogram ki entere w epi mande yo ki sa yo renmen ak ki sa yo pa renmen nan lekòl la. Ou pa ka janm pran twòp prekosyon lè w ap chwazi yon pwogram pou pitit ou. Kon sa, pran plis tan pou w ka sèten ou pran yon bon desizyon.

Nou kontan wè w nan bibliyotèk la!

Kit ou vle tyeke dènye liv k ap mennen an, kit ou vle flannen sou sit Entènèt ou pi renmen an oubyen ou vle asiste yon pwogram espesyal nan oditoryòm nan, bibliyotèk la gen resous ak anplwaye ki la pou ede ou jwenn sa w ap



chèche a. Premye vizit ou a se yon bon okazyon pou paran ak pitit yo dekouvri bibliyotèk la ansanm, epi pou youn ak lòt dekouvri plis ki sa yo renmen vre. Fè yon ti pase nan bibliyotèk la jodi a pou ou fè kat ou. Kat la gratis. Kat bibliyotèk la pèmèt ou prete liv, videyo ak CD epitou li pèmèt ou ale sou Entènèt tou. Sa w bezwen sèlman se yon foto idantite ak prèv pou adrès kote a. Ou ka vini ak yon bòdwo ou fèk resevwa pou sa. Timoun ki poko gen 16 an dwe anrejistre ak yon paran.

Bibliyotèk piblik Hialeah a (Ayeliya) gen yon bèl valè liv ni pou granmoun ni pou timoun. Epi li gen anpil lòt bagay ankò. Bibliyotèk la gen yon bann pwogram ki enteresan ak materyèl edikatif yo prepare espere pou timoun nan kominote nou an.

Lendi Istwa an panyòl

7 - 8 p.m. JFK Library

Madi Istwa pou fanmi (bileng)

7 - 8 p.m. JFK Library

Mèkredi Istwa pou timoun preskolè

10 - 11 a.m. JFK Library

Samdi Festival lekti

2:30-3:30 p.m. JFK Library

Samdi Istwa an panyòl

3 - 4 p.m. Curtiss e-Library

Samdi Istwa pou manman ak bebe

10 - 11 a.m. Curtiss e-Library

Istwa. Tout istwa yo gen yon aktivite atizana pou travay atis ki mache ak istwa a.

Klèb sinema. Bibliyotèk JFK a pase fim ki popilè pou piblik la de fwa pa mwa. Chak dènye jedi nan mwa a, ant 6:30 ak 8 p.m. bibliyotèk la pase yon fim pou jenn timoun epi dènye samdi nan mwa a, ant 2:00 ak 4 pm, gen yon fim pou timoun ki pi piti yo. Yo ofri pòpkòn gratis chak fwa y ap pase fim yo.

Atelye syans ak matematik. Bibliyotèk a prezante yon atelye matematik ak syans pandan 2 samdi

chak mwa ant 9: 30 am ak midi. Atelye a bay timoun K - 6 chans pou yo fè eksplorasyon epi pou yo aprann gras ak esperyans pratik. Yo ofri kolasyon nan atelye sa yo.

Echèk an panyòl. Chak samdi nan JFK, ant 11 a.m. ak midi, timoun 5 - 14 an gen yon chans pou yo egzèse lespri yo epi amize yo nan leson echèk an panyòl.

Pou plis enfòmasyon tanpri kontakte Bibliyotèk piblik John F. Kennedy nan 305-821-2700, Curtiss-Library nan 305-883-6950, West e-Library nan 305-698-3615 ak North e-Library nan 305-816-4470, osnon vizi te sit Entènèt yo a nan <http://www.ci.hialeah.fl.us/library/>.

Mwa pwochen: Sistèm bibliyotèk Miyamided.



Patisipe Nan ti Jounal sa a...

Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvasyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220).

Edite ti jounal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon jounal sa a se:

Dr. Debbie Glasser

ba yo plis konesans



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

KALANDRIYE KOMINOTE A



Teknik Rakonte istwa 5è Festival Entènasyonal anyèl

Sistèm bibliyotèk piblik Miyamided prezante

Samdi, 20 me

11 a.m. - 4 p.m.

Main library, 101 W. Flagler St.

Admisyon ak kado gratis

Tikè transpò gratis*

Yon jounen chaje plezi pou tout fanmi an. Istwa, makijaj timoun, atis blad ak pèsonaj PBS ou pi renmen yo

*W ap jwenn tikè transpò yo nan bibliyotèk piblik Miyamided ki nan zòn ou an, depi 8 Me jiskaske tikè yo fini.

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665